

Responsab Legal ki Gen Pouvwa ki Limite



Yon **Responsab Legal ki Gen Pouvwa ki Limite** se yon moun ou chwazi ki pou pran desizyon pou ou. Yo rele kalite gad legal sa a “**pouvwa limite**” paske responsab legal ou a pa pran tout desizyon pou ou. Ou pa gen dwa ou di kiyès ki pral responsab legal ou ni kilè responsab legal ou a ap pran desizyon pou ou. Se doktè w la ki deside si w dwe genyen yon responsab legal an premye.

Après yon **jij** nan **tribinal** apwouve ki moun ki pral responsab legal ou. Epitou se yon jij ki chwazi kilè responsab legal ou a gen otorizasyon pou li pran desizyon pou ou. Sa a vle di, yon Gad Legal ak Pouvwa Limite ka diferan toudepannde moun nan.

Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason yon Responsab Legal Ki Gen Pouvwa Limite ka pran desizyon pou ou.

Lajan

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Jere yon bidjè ki limite
- Peye fakti ou yo

Swen Sante

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Gen aksè nan dosye medikal ou yo
- Chwazi ki tretman ak ki pwosedi ou resevwa

Lekòl

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Chwazi nan ki lekòl ou ale
- Chwazi sipò ak aranjman ou yo

Lavi Prive

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Chwazi nan ki aktivite sosyal pou ou patisipe
- Pran desizyon konsènan lavi renmen w ak relasyon renmen w
- Pran desizyon sou maryaj

Lojman

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Deside ki kote pou ou viv
- Chwazi yon etablisman ki bay asistans pou viv

Lavi apre lekòl segondè

Responsab legal ou a kapab anmezi pou li:

- Chwazi yon pwogram inivèsite oswa pwofesyonèl
- Chwazi you espesyalizasyon espesifik oswa kou nan inivèsite

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). *Responsab legal ki gen pouvwa limite*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

Plis enfòmasyon sou Gad Legal ak Pouvwa Limite

Kiyès ki pran desizyon?

Responsab Legal ou a pran desizyon pou ou. Se pa ou ki chwazi responsab legal ou a ni ou pa chwazi lè pou li pran desizyon pou ou. Se yon jij ki apwouve responsab legal ou a ak ki desizyon li gen otorizasyon pou li pran pou ou.

Èske yo mande yon odyans nan tribinal pou yon Responsab Legal ki Gen Pouvwa Limite?

Wi, yon odyans nan tribinal nesesè pou ou nonmen yon responsab legal ki gen pouvwa limite. Se yon jij nan tribinal la ki pral di si gad legal la nesesè oswa si gen mwens **chwa** sipò restriksyon ki disponib. Yon moun ki vle vin yon responsab legal dwe depoze yon **petisyon** nan tribinal la. Yon petisyon se yon kalite demann alekri ou bay tribinal la. Apresa yon jij apwouve yon responsab legal oswa plizyè responsab legal pou ou. Epitou se yon jij ki deside sou ki domèn lavi w responsab legal ou a ap gen kontwòl.

Èske ou ka chanje yon Responsab Legal ki Gen Pouvwa Limite? Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Pa gen anpil chans pou yo chanje yon Responsab Legal ki Gen Pouvwa Limite, men li posib. Pou ou fè yon chanjman nan gad legal ou a, ou menm oswa responsab legal ou a kapab depoze yon petisyon nan tribinal. Yon odyans nan tribinal nesesè apre yo fin depoze petisyon an. Si yon chanjman nesesè, yon jij ka apwouve yon nouvo responsab legal pou ou.

Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Gad Legal ak Pouvwa Limite?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Gad Legal ak Pouvwa Limite se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://www.courts.delaware.gov/chancery/guardianship/> pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Gad Legal nan Delaware.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group. (2025). *Responsab legal ki gen pouvwa limite*. University of Delaware Center for Disabilities Studies.